

## GEN CHANJMAN KI FÈT NAN MANYÈL POU MANM YO POU L KA GEN PLIS SÈVIS

### Sèvis Manje ki Adapte nan Domèn Medikal

Nou fyè pou nou ofri w avantaj ak sèvis k ap ede w viv an sante. Apati 1ye Jiyè 2022, ou ka anrejistre nan yon pwogram manje gratis ki Adapte nan Domèn Medikal ki fè livrezon manje ki bon pou sante lakay ou dirèk.

Atravè pwogram sa, ou menm ak lòt manm nan fanmi w ki kalifye ka jwenn:

- Èd nan men yon espesyalis nan zafè rejim ak yon nitrisyonis. Moun sa a se yon espè nan zafè manje ak nitrisyon e l ap bay konsèy ak sipò nan chwa manje ki bon pou sante.
- Y ap libre pou pi plis twa repa pa jou lakay ou pandan sis mwa. W ap ka kontinye resevwa repa depi w kalifye pou program sa a. Yo kreye repa sa yo daprè bezwen presi ou genyen nan domèn sante epi sa ka pèmèt ou gen aksè ak manje ki bon pou sante e ki rich.

Moun ki ka patisipe nan pwogram sa a se moun ki manm MetroPlusHealth Medicaid ki gen 18 lane oswa plis. Manm yo dwe gen yon kote ki an sekirite pou mete epi chofe manje, epi:

- Resevwa sèvis swen pèsonèl. Manm nan dwe chwazi pou l ranplase kantite lè yo pase nan preparasyon ak achte manje yo tout pandan l ap jwenn yon repa ki adapte nan domèn medikal. Kantite lè yo retire yo pral depann de kantite repa ou resevwa, **oswa**
- Gen fè kansè, sik, maladi kè, oswa VIH/SIDA, ak yon kantite jou entène lopital ak/oswa vizit nan sal ijans (ER) akoz maladi ki site la yo nan 12 mwa ki sot pase yo.

Se ou menm k ap deside si w vle enskri nan pwogram nan. Si w pa deside enskri, sa pap gen okenn efè sou kalifikasyon w pou Medicaid oswa avantaj ou yo.

Pou aprann plis sou sèvis sa yo, rele Sèvis Manm nan 800.303.9626 (TTY: 711).